



## Règleman sou Kesyon yo Poze Souvan yo (FAQ)

Tit Règleman an: Kondisyon BRC pou Wòl Estajyè, Volontè, ak Moun Afilye pou  
Tout Kalite Pwogram yo Types

Nimewo Règleman an: BRC-26-01

Dat Li Pibliye: 4 Mas , 2026

Dat Li An Vigè: 1ye Avril, 2026

Lyen Règleman an :[Lyen Règleman](#)

---

### REZIME JENERAL

Pou edikatè Swen/Gadri Familyal (FCC), EEC ap ajoute 3 nouvo tip wòl nan pwosesis verifikasyon Dosye Antededan an (BRC): estajyè, volontè, ak moun ki afilye. Anvan sa, tout twa wòl sa yo te regwoupe anba kategori moun ki "sou plas regilyèman" (ROP). Adisyon 3 nouvo wòl sa yo pou FCC ap bay plis prezizyon pandan pwosesis BRC la, pou reflekte pi byen sou wòl yon moun nan pwogram nan.

Pou pwogram an gwoup ak pwogram timoun ki nan laj pou ale lekòl (GSA) ak pwogram rezidansyèl ak plasman (R&P), politik sa a pa fè okenn chanjman nan politik BRC ki egziste deja yo. Wòl entèn, volontè, ak moun ki afilye te egziste deja pou kalite pwogram sa yo epi kondisyon BRC pou wòl sa yo rete san chanje.

### KESYON YO POZE SOUVAN (FAQ)

**Q. Kijan edikatè FCC yo ta dwe itilize 3 nouvo wòl/pòs yo nan pwosesis BRC a?**

Re. Edikatè FCC yo ta dwe chwazi wòl ki apwopriye lè y ap soumèt BRC yon kandida. Estajyè ak volontè, ki te istorikman soumèt kòm ROP, kounye a ta dwe soumèt pa anba wòl espesifik yo si yo matche/relye ak definisyon ki anba yo. Menm jan an tou, moun ki afilye yo, tankou chofè transpò, terapis, ak pwofesè espesyalis tankou pwofesè mizik oswa yoga ki vizite plizyè pwogram, kounye a dwe soumèt nan sistèm pòtal anliy LEAD la lè w itilize nouvo wòl moun ki afilye a olye de ROP. Wòl ROP la toujou disponib pou moun ki prezan regilyèman nan yon kay FCC men ki pa rete nan kay la, ki pa anplwaye pwogram nan, epi ki pa satisfè definisyon entèn, volontè, oswa moun ki afilye.

**Q. Ki definisyon chak grenn wòl?**

Re. Estajyè: Nenpòt moun ki bay/ofri sèvis li nan yon pwogram EEC ki gen lisans oswa ki resevwa finansman pou jwenn eksperyans travay ak konesans nan yon domèn. Estaj la ka peye oswa li ka fèt san peye, yo ka fè pati yon pwogram edikasyonèl fòmèl oswa yo ka fèt enfòmèl. Estaj yo anjeneral dire pou yon peryòd tan ki limite.

Volontè: Nenpòt moun ki ede nan yon kapasite san peye epi san sipèvizyon pou yon pwogram ki gen lisans oswa finanse pa EEC. Annou di sipoze ke volontè nan pwogram FCC yo ta ka an kontak san sipèvizyon ak timoun yo.

Moun ki Afilye: Yon moun ki gen yon asosyasyon regilye ak yon pwogram EEC ki gen lisans oswa ki resevwa finansman atravè anplwa, kontra, oswa yon akò enfòmèl ak pwogram nan oswa ak paran yo pou bay sèvis pou pwogram nan oswa pou yon timoun ki patisipe ladan l. Pafwa yo rele l yon moun "twazyèm pati". Egzanp moun ki afilye yo enkli founisè transpò, travayè tanporè, founisè sèvis espesyalize, ak klinik, terapris, ak vizitè lakay pou sistèm swen/gadri famiyal timoun nan.

**Q. Èske estajyè, volontè, ak moun ki afilye yo pral fè yon verifikasyon antesedan konplè sou dosye yo?**

Re. Wi. Lè yo fè yon BRC pou yon moun ki gen wòl/pòs sa yo, y ap fè yon verifikasyon antesedan konplè sou dosye li, sa ki enkli ladan l yon anprent dwèt. Si yon kandida te deja konplete yon EEC BRC nan yon lòt pwogram, li ka kalifye pou yon transfè ki an konfòmite si li satisfè kritè elijibilite yo detaye nan EEC. [Suitability Transfer of Background Record Checks policy](#). (ß Règleman sou Konfòmite, Transfè ak Verifikasyon Antesedan sou Dosye ).

**Q. Èske genyon diferans nan fason yo evalye BRC kandida yo nan nouvo wòl/pòs sa yo?**

Re. Kontrèman ak kandida FCC nan wòl ROP, lwa federal egzije ke kandida FCC ak GSA ki gen yon wòl/pòs entèn, volontè, oswa moun ki afilye sibi sètèn diskalifikasyon obligatwa. Estajyè, volontè, ak moun afilye ki gen ofans/enfraksyon "diskalifikasyon obligatwa" nan BRC yo otomatikman pa kalifye pou apwobasyon nan pwogram FCC ak GSA yo. Ofans/Enfraksyon sa yo site nan Tablo Ofans/Enfraksyon ki Diskalifyan – Diskalifikasyon Obligatwa, ki disponib sou [EEC's website](#). (ß Sitwèb EEC a) Si yon estajyè nan Gadri timoun yo, yon volontè oswa yon moun afilye genyen yon ofans/enfraksyon nan BRC li ki pami lis tablo diskalifikasyon obligatwa EEC la, aplikasyon BRC li a ap konsidere "Pa Apwopriye" akòz yon diskalifikasyon obligatwa.

Diskalifikasyon obligatwa pa aplike pou kandida pou pwogram rezidansyèl ak pwogram plasman.

- Q. Kisa sa vle di si yo jwenn yon kandida pa apwopriye/an konfòmite akòz yon diskalifikasyon obligatwa?**
- Re. Kandida yo jwenn ki pa apwopriye/an konfòmite akòz yon diskalifikasyon obligatwa pa kalifye pou menm wòl la nan menm tip pwogram nan toutotan chay/enfraksyon ki lakòz diskalifikasyon an parèt sou BRC yo. Anplis de sa, kandida yo jwenn ki pa an konfòmite/apwopriye akòz yon diskalifikasyon obligatwa pa kalifye pou konteste desizyon sa a.
- Q. Si yon estajyè, yon volontè oswa yon moun ki afilye te deja apwopriye etanke yon ROP, èske yo bezwen yon nouvo BRC pou youn nan nouvo wòl sa yo?**
- Re. Estajyè, volontè, ak moun ki afilye yo te jwenn ki apwouve etanke yon ROP nan 3 dènye ane yo pa bezwen refè BRC yo ankò pou nouvo wòl sa yo jiskaske yo rive nan peryòd renouvèlman 3 ane yo. Lè sa a, yo dwe renouvle BRC yo ak nouvo wòl ki reflekte egzakteman wòl yo nan pwogram nan.
- Q. Èske yon moun ka yon estajyè, volontè, oswa yon moun ki afilye nan plizyè pwogram?**
- Re. Wi. Yon moun ka estajyè, volontè oswa moun afilye nan otan pwogram ke li vle. Kandida ki asosye ak plizyè pwogram yo pral soumèt yon fòm konsantman pou chak pwogram. Kandida yo ka kalifye pou yon transfè ki apwopriye lè y ap fè BRC yo pou plizyè pwogram si yo satisfè kritè elijibilite yo detaye sou sit EEC a [Suitability Transfer of Background Record Checks policy](#). (ß Règleman sou Konfòmite, Transfè ak Verifikasyon Antesedan sou Dosye ) .
- Q. Si yon moun bay sèvis pou plizyè pwogram FCC, èske chak pwogram ap bezwen antre kandida sa a nan sistèm LEAD la?**
- Re. Wi. Chak pwogram ki resevwa sèvis nan men yon estajyè, yon volontè oswa yon moun ki afilye dwe anrejistre yo nan sistèm anliy LEAD la. Sa ap jenere yon fòm konsantman BRC pou kandida a pou chak pwogram ak wòl yo soumèt li pou yo. Kandida yo ka kalifye pou yon transfè ki apwopriye lè y ap fè BRC yo pou plizyè pwogram si yo ranpli tout kritè elijibilite yo detaye sit EEC a [Suitability Transfer of Background Record Checks policy](#). (ß Règleman sou Konfòmite, Transfè ak Verifikasyon Antesedan sou Dosye)
- Q. Èske anplwaye Entèvansyon pou Timoun Piti yo oblije fè yon EEC BRC etanke yon moun ki afilye?**
- Re. Non, Entèvansyon pou Timoun Piti yo (EI) sou siveyans Depatman Sante Piblik (DPH) epi se politik konjwen DPH ak EEC ke pèsònèl EI pa oblije pase nan yon BRC EEC paske yo pa gen posibilite pou yo an kontak ak timoun yo san sipèvizyon. Olye de sa, pèsònèl EI yo dwe fè yon verifikasyon Antesedan sou Dosye yo jan yo presize nan Estanda Operasyon Entèvansyon pou Timoun Piti yo epi jan sa rekòmande nan kontra a. Pou plis enfòmasyon, gade sit EEC a EEC's [Règleman sou erifikasyon Antesedan sou Dosye Anplwaye Entèvansyon pou Timoun Piti yo ak founisè Sèvis Espesyalize yo nan Anviwònman/Espas Edikasyon ak Gadri Timoun yo](#) .

Kòm yon rapèl, pwogram ki gen lisans ak sa ki resevwa finansman EEC yo pa gen dwa kite pèsònèl/anplwaye EI yo poukont yo ak timoun yo, paske moun sa yo pa resevwa yon BRC atravè EEC.